

## **KUMAHA ATUH HADENA**

Ku  
Maman Suryatman

Prof.Dr.John Beddington (Chief Scientific Adviser British Gov't) boga kamandang yen “Lantaran robahna iklim jeung ningkatna padumuk nincak taun 2030 bakal kajadian langkana dahareun, cai tur energy anu kacida nu baris micu timbulna karusuhan social jeung konflik internasional, lantaran bakal kajadian pindahna padumuk anu abreg – abregan ti wewengkon nu pang gedena keuna pangaruh”.

Kamandang Nina Fedoroff “Jumlah manusa di planet bumi sabenerna geus ngaleuwih daya dukung jeung daya tampung lingkungan. Urang kudu soso – soso supaya tumuwuhna padumuk bisa dikadalikeun lantaran planet ieu geus teu mampuh nampung padumuk leuwih loba deui. Robahna kaayaan hawa lantaran tumuwuhna padumuk anu gancang pisan ngakibatkeun gorengna produksi pangan nepi ka miliaran padumuk kaancam kalaparan”.

Lamun seg nengetan ngaronjatna padumuk di nagara urang kacida matak reuwasna dina hasil Sensus Penduduk taun 2010 jumlah padumuk di Indonesia ngahontal 237,6 yuta jiwa, padahal samemehna di perkirakeun 234 yuta jiwa, jadi aya keleuwihan 4 yuta padumuk tina taksiran. Dina waktu 10 taun padumuk nambahan kurang leuwih 32,5 yuta atawa dina sataunna nambahan satara jeung jumlah padumuk nagara Singapura.

Nambahanana padumuk baris mangaruhan kana degradasi lingkungan, ningkatna pangabutuh, biaya hirup, jrrd, komo bari jeung kualitasna kurangmah.

Lamun padumuk tuluy – tuluy nambahan bari jeung henteu dikadalikeun, nu baris kaririweuhan nya pamarentah. Ku nambahna padumuk bari jeung teu nincak dina rarancang/ngaronjat sakarepna baris mangaruhan kana jalanna pangwangunan, sahanteuna bakal loba sarana umum anu kudu disayagikeun ku pamarentah saperti sarana kasehatan, atikan, pangan, paimahan, jrrd.

Lamun dimisalkeun dina sataun lahir 2 yuta orok, rek sabaraha rebu meter lawon anu dipikabutuh pikeun popok, sabaraha rebu tangkal nu dituar pikeun dijadikeun bahan popok, sabaraha hektar lahan dibukbak anu balukarna kana kakurangan cai lamun usum Katiga, sarta robahna hawa anu bakal terus ningkat.

Ningali kitumah kacida pentingna ngadalikeun nambahna padumuk teh, anu dipalar ngajaga lingkungan wariskeuneun pikeun anak incu urang. Kukituna pikeun ngarumat sangkan alam dunya ieu henteu tereh ruksak kacida perluna jumlah padumuk dikadalaikeun ngaliwatan program KB, da geuning ku lobana padumuk di nagara urang bari SDM-na handap jadi nimbulkeun masalah, siga miceun runtah sangeunahna, sanajan geus disayagikeun tempat, tetep we nu dijadikeun carangka runtah teh solokan, susukan, wahangan atawa walungan, mupakat lamun dina kaayaan kiwari loba kasakit, banjir, lauk – lauk wahangan laleungit/musna lantaran habitatna ruksak, samalah sim kuring anyar keneh ka Pontianak Provinsi Kalimantan Barat ningali walungan Kapuas lir ibarat jarian pang panjangna sadunya, disapanjang sisi walungan ngahunyud runtah.

Kumaha atuh hadean ? ari geus kieu, kulantaran ceuk para ahli, maju na pangwangunan hiji nagara lamun kualitas SDM wargana 80% sedengkeun SDA 20%, jadi sanajan nagara urang SDA-na kacida lobana/sagala aya, tapi saumpama model ayeuna SDM-na masih di handap tetep we urang diatur deungeun, SDA anu sakitu ngaleuyana ngan jadi kauntungan deungeun, urangna mah ngansaukur jadi pagawe handap.

Lamun padumuk bisa dikadalaikeun kamo saumpana rarancang BKKBN ngawujud “*Penduduk tanpa pertumbuhan tahun 2025*” bisa kahontal, bakal leuwih gampang dina ngarancanakeun pangwangunan sarta karaharjaan baris leuwih enteng ngawujudkeunana.

Mun kitu hadenamah teu aya deui iwal ti ngagedurkeun deui program KB, kulantaran ayana program KB baris ngahasilkeun kulawarga – kulawarga anu berkualitas, kuayana kualitas kulawarga anu pinunjul bakal ngahadirkeun kasadaran sakur anggota kulawarga pikeun ngajaga, ngariksa sarta ngawangun lingkunganana masing – masing. Kulantaran KB teh lain ngansaukur nguruskeun alat kontrasepsi wungkul tapi anu leuwih utama ngawujudkeun kulawarga anu pinunjul. Hal ieu sajalan reujeung harepan Bapa Wakil Presiden dina raraga pangling – ngeling Poe Kulawarga ka 18 Tingkat Nasional taun 2011 di Kota Baru Parahiyangan Kabupaten Bandung Barat, dinten Kemis ping 30 Juni 2011, dina biantarana mantenna nyebatkeun yen “Lamun Indonesia hanyang maju, nya kudu ningkatkeun kualitas kulawargana, kukituna satiap kulawarga kudu dilayanan ku informasi program KB”.Eces pisan naon anu didugikeu ku Wakil Presiden Bapa Boediono saupama kulawarga di jadikeun pondasi pikeun pangwangunan, Insy Allah Nagara Indonesia bakal terus nanjeur dina pondasi anu kuat. Hayu urang milu KB ngarah hirup teu barabe.....

Cag dugi kadieu

Hapunten anu kasuhun hampura anu diteda rumasa ngan saukur jabung tumalapung sabda kumapalang, ngan saukur jadi dodog pangrewong.

Sukabumi, 1 Juli 2011.